


APLIKASYON POU ENSKRI VOTÈ



Èske ou ta renmen nou kontakte w pou nou voye enfòmasyon enpòtan ba ou ki ta ka ede w sou tout zafè lè w'ap gen pou w vote?
Ba nou adrès imèl ou ansam avèk/oswa nimewo telefòn pòtab ou pou nou ka toujou rete an kontak.

Ale vizite BrowardVotes.gov pou ou ka:



Voye mande yon Bilten
Vote-Pa-Lapòs apre chak
Eleksyon Jeneral fin fèt.



Jwenn Lokal kote pou
ou vote a.



Voye nouvo chanjman ou fè nan adrès
ak enfòmasyon sou kontak ou ba nou,
chak fwa ou gen yon bagay ki chanje.



Vin yon Travayè
Biwo Vòt.




@BROWARDVOTES



Broward County Supervisor of Elections
P O BOX 29001
Fort Lauderdale FL 33303-9928

POSTAGE WILL BE PAID BY ADDRESSEE

BUSINESS REPLY MAIL
FIRST-CLASS MAIL PERMIT NO. 643 FORT LAUDERDALE FL



NO POSTAGE
NECESSARY
IF MAILED
IN THE
UNITED STATES



PA RETIRE - SELE LÈ POSTE

Enstriksyon pou Aplikasyon Enskripsyon Votè Florid ak Fòm (DS-DE 39, R1S-2.040, F.A.C.) (anvigè 04/24/2024) **Information: Please contact your county's Supervisor of Elections office if you wish to obtain this form in Spanish.**

Fason pou w enskri

- Ranpli epi soumèt fòm sa a pa lapòs oswa an pèsòn bay:
 - Biwo Sipèvizè Eleksyon an (adrès postal yo dèyè fòm lan),
 - Nenpòt biwo ki delivre lisans chofè,
 - Nenpòt ajans enskripsyon votè (biwo asistans piblik, sant pou granmoun enganm, biwo ki sèvi moun ki gen andikap, bibliyotèk piblik, oswa biwo rekritman fòs lame), oswa
 - Divizyon Eleksyon an
- Enskri sou entènèt: [RegistertoVoteFlorida.gov](https://registervote.florida.gov) (oswa kòd QR).

Remak: Si yon òganizasyon tyès pati enskripsyon votè (3Pvro) kolekte aplikasyon w lan, 3Pvro a dwe ba ou yon resi. 3Pvro a ka pa livre aplikasyon w lan nan lespas 10 jou oswa nan dat limit enskripsyon an oswa anvan. Depreferans, ou ka chwazi voye aplikasyon w lan pa lapòs oswa bay Sipèvizè Eleksyon w lan oswa ou ka enskri sou entènèt.

Egzijans Enskripsyon Votè

- Sitwayen ameriken, rezidan Eta Florid e rezidan konte
- Laj 18 ane pou pi piti (oswa 16 ane pou enskripsyon antisipe)
- Pa jije mantalman enkapab, oswa si yo te jije w enkapab, dwa vòt ou dwe retabli.
- Pa dwe kondane pou yon krim, oswa si ou te kondane, dwa vòt ou dwe retabli.
- Pa ranpli fòm sa a si ou pa ranpli tout egzijans sa yo.**

Kilè pou w enskri

- Dat limit pou w enskri se 29 jou anvan yon eleksyon.
- Dat limit pou w chanje pati se 29 jou anvan yon eleksyon primè.

Estat Enskripsyon

- Si yo aksepte aplikasyon an, Sipèvizè w la ap voye yon kat enfòmasyon votè pa lapòs.
- Si aplikasyon w lan pa konplè oswa si yo refize li, Sipèvizè w la ap kontakte w.
- Kontakte Sipèvizè ou si w gen nenpòt lòt kesyon.



Egzijans Idantifikasyon (ID) pou Anrejistre oswa Aktyalize Dosye

- Yon lisans chofè Florid ki ajou e valid (FL DL#), oswa nimewo kat idantite Florid (FL ID#), oswa kat dènye chif nimewo Sekirite Sosyal ou (SSN).
- Egzijans espesyal aplike si w enskri pou premye fwa pa lapòs, si w pa t janm vote anvan an Florid, epi si w pa t janm resewva yon FL DL oswa yon kat idantite oswa yon SSN. Ou va gen obligasyon pou w bay idantifikasyon anvan w vote.

Florid se yon Eta kote Eleksyon Primè yo Fèmen/Afilyasyon Pati Politik

- Ou dwe enskri nan yon pati politik pou w ka vote nan eleksyon primè pati sa a. Sepandan, nan eleksyon primè, tout votè ka vote sou kesyon non-patizan ak pou kandida nan eleksyon patizan sa a si kandida yo pa fè fas a okenn opozisyon nan eleksyon jeneral la.
- Si w ap enskri pou premye fwa, e ou pa chwazi yon pati, ou va enskri san afilyasyon pati (NPA). Si ou deja enskri, e ou pa chwazi yon pati, chwa pati ke ou genyen nan dosye a ap rete menm jan an.

Dosye Piblik

- Pifò enfòmasyon votè yo, tankou nimewo telefòn ak adrès imel yo se enfòmasyon piblik. Moun ka wè siyati w men yo pa ka kopye li.
- Efòmasyon annapre yo pa piblik: FL DL#, FL ID#, SSN, kote ou te enskri pou w vote, e si ou te refize enskri oswa aktyalize dosye enskripsyon votè ou nan yon ajans enskripsyon votè oswa yon biwo ki delivre kat FL DL oswa FL ID.

Resous

- Nimewo telefòn Sipèvizè a nan do fòm lan.
- Divizyon Eleksyon: <https://dos.fl.gov/elections/>
- Liy Dirèk Asistans Votè: 1.866.308.6739
- Vizit Rechèch Enfòmasyon Votè: <https://registration.elections.myflorida.com/CheckVoterStatus>

Ranje 1 – 6 ak 14 dwe ranpli pou yo ka trete yon aplikasyon. Ekri byen klè ak yon plim nwa oswa ble.

<input type="checkbox"/> Nouvo Enskripsyon <input type="checkbox"/> Mizajou oswa chanjman (egzanp, adrès, non, afilyasyon pati, siyati) <input type="checkbox"/> Demann pou ranplase kat enfòmasyon votè			
1	Èske w se yon sitwayen ameriken? Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/>		
2	<input type="checkbox"/> Mwen afime ke mwen pa kondane pou yon krim, oswa si mwen te kondane pou krim, dwa pou mwen vote te retabli. (Pou enfòmasyon sou dwa vòt moun ki te fè krim, vizite paj entènèt Divizyon Eleksyon an - https://dos.fl.gov/felon)		
3	<input type="checkbox"/> Mwen afime ke yo pa t jije mwen mantalman enkapab pou mwen vote, oswa si yo te jije mwen enkapab, konpetans mwen te retabli.		
4	Dat nesans (mm-jj-aaaa)	Lisans chofè Florid oswa Nimewo Kat Idantifikasyon (FL DL/ID)	4 dènye chif SSN (si pa gen FL DL/ID) <input type="checkbox"/> Mwen pa janm resewva yon FL DL/ID oswa SSN.
5	Non Fanmi	Prenon	Dezyèm prenon Sifiks (Sr Jr I II)
6	Adrès domisil kote w abite nan FL (pa bay P.O. box ni adrès biznis)	Apt. Vil	Konte Zipkòd
7	Adrès postal (si li diferan de sa ki piwo a oswa kourye pa rive nan domisil)	Apt. Vil	Eta oswa peyi Zipkòd
8	Adrès kote ou te enskri an dènye	Apt. Vil	Eta Zipkòd
7	Ansye non (si non w chanje)	Sèks <input type="checkbox"/> F <input type="checkbox"/> G	Eta/peyi nesans
9	Nimewo telefòn (pa obligatwa) ()	<input type="checkbox"/> Imel mwen echantyon bilten vòt si yo disponib nan konte mwen. Adrès imel:	
10	Pati afilyasyon (chwazi youn) (Gade seksyon Florid se yon Eta kote Eleksyon Primè yo Fèmen/Afilyasyon Pati Politik piwo a) <input type="checkbox"/> Pati Demokrat Florid <input type="checkbox"/> Pati Repibliken Florid <input type="checkbox"/> San afilyasyon pati (NPA) <input type="checkbox"/> Pati minè (ekri non pati a): _____		
11	Ras/etnisite (chwazi youn) <input type="checkbox"/> Endyen Ameriken/Natif Alaska <input type="checkbox"/> Azyatik/Moun Zile Pasifik <input type="checkbox"/> Nwa, ki pa gen orijin Panyòl <input type="checkbox"/> Panyòl <input type="checkbox"/> Blan, ki pa gen orijin Panyòl <input type="checkbox"/> Milti-Rasyal <input type="checkbox"/> Lòt: _____		
12	Estat militè/aletranje (chwazi youn, si li aplikab) <input type="checkbox"/> Mwen se yon militè an sèvis aktif oswa manm Marin Komèsyal oswa <input type="checkbox"/> mari/madanm yo oswa depandan. <input type="checkbox"/> Mwen abite andeyò peyi Etazini, men mwen se yon sitwayen ameriken.		
13	<input type="checkbox"/> Mwen va bezwen èd pou m vote.	<input type="checkbox"/> Mwen ta renmen vin yon travayè biwo vòt oswa yon travayè eleksyon	Official use only
14	Mwen konprann ke se yon krim 3yèm degre dapre lwa Eta a ak lwa federal pou moun bay manti oswa afime oswa soumèt fo enfòmasyon. Sèman: Mwen fè sèman (oswa afime) solanèlman, mwen va pwoteje ak defann Konstitisyon Etazini an ak Konstitisyon Eta Florid la, mwen kalifye pou mwen enskri kòm yon votè dapre Konstitisyon ak lwa Eta Florid la, epi tout enfòmasyon mwen bay nan aplikasyon sa a se verite.		FVRS No.
	Siyati X	Dat	3Pvro No. Agent Initials Date Collected

PA RETIRE - SELE LÈ POSTE

PA RETIRE - SELE LÈ POSTE

PA RETIRE - SELE LÈ POSTE